

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Pwosedi anvan Egzeyat



Èske gen yon fason pou aplike pou benefis SSI anvan egzeyat mwen ki prevwa nan yon enstitisyon?

Pwosedi anvan egzeyat pèmèt ou aplike pou benefis SSI ak koupon pou manje (food stamp) plizyè mwa anvan egzeyat ou ki prevwa nan yon enstitisyon pou benefis ou ka kòmanse vit apre egzeyat ou. Nou p ap peye w benefis SSI lè w ap viv nan yon enstitisyon piblik.

Kimoun ki ka jwenn benefis nan pwosedi anvan egzeyat?

N ap trete yon aplikasyon pou ou dapre pwosedi anvan egzeyat la si ou:

- ▶ nan yon enstitisyon (pa egzanp lopital, mezon retrèt, sant detansyon, oswa prizon); epi
- ▶ sanble ou ka satisfè kritè pou elijiblite SSI lè w egzeyate nan enstitisyon an; epi
- ▶ ou prevwa w ap egzeyate **nan 30 jou** apre w fin resevwa avi sou elijibilité posib ou pou resevwa benefis SSI.

Kouman pwosedi anvan egzeyat la fonksyone?

Ka gen yon akò anvan egzeyat la ant enstitisyon an ak biwo lokal Sekirite Sosyal. Men tou, ou ka ranpli yon fòm aplikasyon pou benefis SSI dapre pwosedi anvan egzeyat menm si pa gen akò.

Kisa yon akò anvan egzeyat ye?

Yon akò anvan egzeyat ka fòmèl (yon akò ki fêt alekri epi de pati yo siyen li) oswa enfòmèl. Dapre akò a, nou ede ekip enstitisyon ak sèvis sosyal yo aprann pwosedi anvan egzeyat, epi nou ofri yo yon kontak pou ede enstitisyon an nan aplikasyon pwosedi anvan egzeyat la.

Enstitisyon an dakò pou:

- ▶ fè nou konnen si w sanble w ka satisfè kritè pou elijiblite SSI la epi si w ka egzeyate **nan 30 jou** apre notifikasyon elijiblite posib SSI a;
- ▶ bay prèv medikal evidan ak enfòmasyon non-medikal ki nesesè pou trete demann ou;
- ▶ bay dat ki prevwa pou egzeyat la epi fè nou konnen nenpòt dèle ki ka lakòz yon egzeyat anreta; epi
- ▶ fè nou konnen ou egzeyate.

Nou dakò pou:

- ▶ trete demann ou oswa reyentegrasyon ou san pèdi tan; epi
- ▶ fè enstitisyon an konnen desizyon SSI la byen vit.